

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

[عرض هذه الوثيقة باللغة العربية](#) / [এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন](#) / [查看本文件的中文版](#) /

[Consultez ce document en français](#) / [Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen](#) /

[이 문서를 한국어로 보기](#) / [Consulte este documento en español](#) /

[Перевод документа на русский язык](#) / [به دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں](#) /

schools.nyc.gov/messagesforfamilies

Semèn 30 me 2022

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou kalandriye lekòl 2022-23 yo fèk pibliye a, sou manje ete gratis ak kòman pou mete enfòmasyon pitit ou ajou atravè Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA).

Kontni:

- [Kalandriye ane lekòl 2022-23](#)
- [Manje pandan ete](#)
 - [Dat ak lè sevis yo](#)
 - [Meni](#)
 - [Jwenn adrès yo](#)
- [Kont lekòl Vil Nouyòk \(NYCSA\)](#)
 - [Kòman pou enskri](#)
 - [Mizajou enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w](#)

Kalandriye ane lekòl 2022-23

Ane lekòl 2022-23 a pral kòmanse pou elèv 8 septan 2022. Ou ka wè ak telechaje dokiman kalandriye a ou ka enprime pou ane lekòl 2022-23 okonplè nan plizyè lang nan schools.nyc.gov/calendar. Men kèk enfòmasyon enpòtan pou ane lekòl k ap vini an:

- 3 novanm, Jounen eleksyon, elèv yo **pa** gen lekòl ni yo p ap patisipe nan aprantisaj adistans jou sa a.
- Nan "Jou nèj" oswa jou lè bilding lekòl yo fèmen akòz move tan oswa lòt sitiyasyon ijans—tout elèv ak fanmi ta dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.

Tanpri kontakte lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon konsènan kalandriye lekòl la.

Manje pandan ete

Apati 28 jen, nenpòt moun ki gen laj 18 lane pou pi plis ka resevwa manje maten ak manje midi gratis nan lokal Vil Nouyòk atravè pwogram manje ete ane sa a. Kèk lekòl leta yo chwazi, pisin kominotè, pak ak kamyon manje ap ouvri pou ofri sèvis. Ni enskripsyon, ni dokiman ni ID pa pral nesesè pou timoun resevwa manje gratis sa yo.

Dat ak lè sevis yo

Manje gratis yo pral disponib chak jou, ladan jou wikenn apati madi 28 jen rive vandredi 2 septanm, eksepte lendi 4 jiyè. Lekòl leta yo chwazi pral bay manje maten ant 8:00 ak 9:15 nan maten, ak manje midi ant 11:00 a.m. ak 1:15 p.m.

Meni

Tout manje yo kenbe nòm elve nitrisyon, lè yo satisfè oswa depase nòm Depatman Agrikilti Etazini. Manje yo pa gen anyen ki ajoute ladan yo tankou koulè, gou atifisyèl oswa pwodui ki pou konsève yo. Nou ofri divès fwi fre, grenn antye, legim ak salad pou timoun apresye.

Jwenn lokal yo

Avan ane lekòl la fini, lekòl pitit ou a pral voye yon lèt ba fanmi nan lekòl ou a k ap idantiye twa lokal k ap fè distribisyon manje ete ki pi pre lekòl la.

Ou ka jwenn lokal manje gratis yo nan schools.nyc.gov/summermeals. Oswa ou ka tèks mo "NYC Food" nan 304-304 (konpayi telefòn ou ka fè w peye pou mesaj yo) oswa rele 311 pou mande kote ki gen lokal manje ete.

Kont lekòl vil nouyòk (New York City Schools)

Si w potko deja ouvri yon NYCSA, kounye a se yon bon moman pou kreye l epi asire w lekòl pitit ou a ka kontakte w pou pataje enfòmasyon enpòtan sou aktivite fen ane a ak sou kòmansman ane lekòl 2022-23 a!

NYCSA se yon mwayen fasil pou rete ankontak avèk lekòl pitit ou a, lè li ofri w aksè nan nòt klas, orè, nòt egzamen, prezans, ak nan enfòmasyon sou pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) pitit ou a, orè otobis ak lòt bagay ankò. NYCSA pèmèt ou voye fòm lekòl ki esansyèl yo sou entènèt ak jwenn aksè nan anons enpòtan ki soti nan Depatman edikasyon Vil Nouyòk, tankou nouvèl sou aktivite k ap fèt nan distri w la oswa nan vil la.

Kounye a, NYCSA gen Parent University, yon sant resous ki ranpli ak kou gratis, evènman, aktivite pou ede ba w kapasite kòm yon defansè pou edikasyon pitit ou a. Anplis, w ap kapab itilize NYCSA pou vote nan eleksyon k ap vini pou kandida ki pral reprezante kominote w nan Konsèy Edikasyon pou Kominote lokal ak vil .

Kòman pou enskri

Ou ka enskri (sign up) pou yon kont jodi a, jis avèk non w ak enfòmasyon pou kontakte w, epi apre konekte kont ou an avèk dosye pitit ou a lè w kontakte lekòl ou a. Jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/nycsa epi enskri kounye a nan schoolsaccount.nyc.

Mete enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou

Lè w rantre nan (sign in) kont NYCSA, w ap wè yon mesaj ki parèt k ap raple w pou mete enfòmasyon sou jan pou nou kontakte w si gen ijans. Ou ka klike **Update Now** (Mete ajou kounye a) pou ale dirèkteman nan paj kontak pou ijans lan. Depi w fin revize ak konfime enfòmasyon w, chwazi "Verified" (Verifye) ki anlè paj la. Lè w itilize paj kontak pou ijans ki nan kont New York City Schools (NYCSA) w la, ou ka mete ajou nimewo telefòn kay, selilè ak travay ou ansanm ak imèl adrès ou. Ou gen tou opsyon pou mete lang ou prefere pale oswa ekri a ajou.

Anplis, ou ka mete ajou enfòmasyon sou sante pitit ou a pou pataje avèk lekòl pitit ou ye a. Sa a gen ladan non ak nimewo telefòn doktè pitit ou a, nenpòt dyagnostik, alèji, restriksyon ki ka limite aktivite fizik li, ak sityasyon asirans sante li.